# «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' (jan'a redakciyada)

**I-Uli'wma rejeler**

**1-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n', joqari' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' aktlerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstitutciyasi'na muwapi'qli'g'i'n baqlaytug'i'n ma'mleketlik uyi'm.

**2-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetin saylaw Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi' menen kelisilgeninen keyin, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen siyasat ha'm huqi'q tarawlari' mamanli'g'i'na ha'm joqari' a'dep-ikramli'li'q si'patlari'na iye bolg'an Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi'-Konstituciyali'q baqlaw komitetine komitet basli'g'i', woni'n' wori'nbasari' ha'm ag'zalari' qurami'nda jeke ta'rtipte ashi'q dawi's beriw joli' menen saylanadi'.
Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' ko'pshilik dawi'si'n alg'an adam saylang'an boli'p yesaplanadi'.
Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'anlardi'n' wa'killik mu'ddeti 5 ji'l.

**3-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'anlardi'n' anti'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi sessiyasi'nda Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' qurami'na saylang'anlar Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha ant beredi.
Antti'n' teksti: «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylani'wi'ma baylani'sli' ni'zam menen ju'klengen minnetlemelerdi hadal ha'm haq kewil menen atqari'wg'a, wo'z jumi'si'mda tek g'ana Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na boysi'ni'wg'a saltanatli' tu'rde ant yetemen!».

**4-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti jumi'si'ni'n' tiykarg'i' principleri.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'n basshi'li'qqa ali'w, biyg'a'rezlik, kollegialli'q, ja'riyali'li'q ha'm komitet ag'zalari'ni'n' huqi'qi'y ten'ligi Konstituciyali'q baqlaw komiteti jumi'si'ni'n' tiykarg'i' principleri boli'p tabi'ladi'. Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' jumi'si'na hesh kimnin' aralasi'wi'na jol qoyi'lmaydi'.

**5-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 75-statyasi'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huqi'qi'na iye.
6-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' Reglamenti.
Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' jumi's ta'rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ta'repinen tasti'yi'qlang'an Reglamenti menen belgilenedi.

**II-Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari'ni'n' wa'killigi**

**7-statya.** Ma'mleketlik uyi'mlardi'n' ma'jilislerine qatnasi'w.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i', woni'n' wori'nbasari' ha'm ag'zalari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sessiyalari'nda qatnasi'w ha'm shi'g'i'p so'ylew huqi'qi'na iye.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ma'jilislerine qatnasi'wg'a ha'm wolarda shi'g'i'p so'ylewge haqi'li'.

**8-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'an adamlarg'a qol qati'lmasli'q.
Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' ag'zalari' wo'z minnetlerin atqari'wda g'a'rezsiz boladi' ha'm tek g'ana Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na boysi'nadi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'anlar qol qati'lmasli'q huqi'qi'nan paydalanadi'. Wolar Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin', Joqarg'i' Ken'estin' sessiyalari' arali'g'i'ndag'i' da'wirde Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' kelisimisiz qamaqqa ali'nbaydi', ji'nayatli' juwapkershilikke yamasa sud ta'rtibinde ha'kimshilik jazag'a tarti'lmaydi'. Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' kelisim beriw haqqi'ndag'i' qarari' gezektegi sessiyada deputatlardi'n' di'qqati'na jetkeriledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari'ni'n' qarsi'si'na ji'nayatli' is tek Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokurori' ta'repinen qozg'ati'li'wi' mu'mkin.

**9-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zali'g'i'na sa'ykes kelmeytug'i'n jumi'slar.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari' Joqarg'i' Ken'es deputati' bola almaydi', sonday-aq wolar aktleri Konstituciyali'q baqlaw komiteti baqlawi'nda bolatug'i'n uyi'mlardi' lawazi'mli' xi'zmetlerdi atqara almaydi'.

**10-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari' wa'killiklerinin' toqtati'li'wi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sessiyalari' arali'g'i'ndag'i' da'wirde Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' sheshimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari'ni'n' wa'killikleri:
- ji'nayatli' juwapkershilikke tarti'lg'an;- Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zali'g'i'na sa'ykes kelmeytug'i'n jumi's penen shug'i'llang'an;- ni'zamli' tu'rde sudti'n' sheshimi menen xabar atarsi'z joq boli'p ketti dep tani'lg'an jag'daylarda toqtati'ladi'.

**11-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari'ni'n' wa'killiklerinin' mu'ddetinen buri'n toqtati'li'wi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ag'zalari'ni'n' wa'killikleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi' menen kelisilgen usi'ni'si' tiykari'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'

Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen to’mendegi sebeplerge baylani’sli’:- komitet ag’zasi’ anti’n buzsa;- lawazi’mnan bosati’w haqqi’nda soransa;- den sawli’g’i’ to’menlewine baylani’sli’ uzaq mu’ddetke wazi’ypasi’n atqara almasa;qayti’s bolsa;respublikadan ko’ship ketse;Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqarali’g’i’nan ayi’ri’lsa mu’ddetinen buri’n toqtati’ladi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zasi’ni’n’ wa’killigi mu’ddetinen buri’n toqtati’lg’ani’nda woni’n’ worni’na basqa adam saylanadi’.

**III–Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ wa’killikleri ha’m woni’n’ jumi’si’n sho’lkemlestiriw**

**12-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinde ma’selelerdi ko’rip shi’g’i’w.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinde ma’selelerdi ko’rip shi’g’i’w Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ 112-statyasi’nda ko’rsetilgen tiykarlarda a’melge asi’ri’ladi’.
Yeger yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler ni’zamni’n’ yamasa akttin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na muwapi’q yemesligin ani’qlasa, wolar bul ma’seleni Konstituciyali’q baqlaw komitetine usi’ni’w wa’killigine iye bolg’an uyi’mg’a jiberedi.
Geypara tapsi’rmalar, pikirler ha’m usi’ni’slar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ wa’killigine muwapi’q kelmese, wolardi’ qabi’l yetpewge haqi’li’.

**13-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ma’jilisine qatnasi’wshi’lar.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ ma’jilisine:Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ni’n’ wori’nbasari’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ basli’qlari’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ Basli’g’i’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Puqarali’q isler boyi’nsha Joqarg’i’ sudi’ni’n’ basli’g’i’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ji’nayat isleri boyi’nsha Joqarg’i’ sudi’ni’n’ basli’g’i’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Prokurori’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Xojali’q sudi’ni’n’ basli’g’i’;- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ A’dillik ministri qatnasi’wg’a ha’m barli’q qaralg’an ma’seleler boyi’nsha wo’z pikirin ayti’wg’a haqi’li’.

**14-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinde ma’seleni tayarlaw ha’m dodalaw.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ ag’zalari’ ma’seleni tayarlawdi’n’ bari’si’nda ma’mleketlik uyi’mlardan ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerden tiyisli hu’jjetlerdi ha’m basqada mag’li’wmatlardi’ talap yetip ali’wg’a, lawazi’mli’ adamlardi’n’ tu’siniklerin ti’n’lawg’a, ilimpazlardi’ ha’m qa’nigelerdi ma’sla’ha’tshiler si’pati’nda qatnasti’ri’w, wolar menen pikir ali’si’wg’a haqi’li’.
Ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ lawazi’mli’ adamlari’ tiyisli hu’jjetlerdi Konstituciyali’q baqlaw komitetine beriwden bas tartsa yamasa jalg’an mag’li’wmatlar berse ni’zamg’a muwapi’q juwapker boladi’.
Konstituciyali’q baqlaw komiteti qarap shi’g’i’wg’a usi’ni’lg’an ma’seleni bir ha’pte ishinde u’yrenip, bir aydan keshiktirmey sheshim qabi’l yetedi.
Ma’sele qarap shi’g’i’wg’a tayar bolg’annan son’, bir ay mu’ddet ishinde Komitet ma’jilisine qoyi’ladi’. Dodalani’p ati’rg’an akttin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na ha’m ni’zamlari’na muwapi’qli’g’i’ yamasa muwapi’q yemesligi haqqi’ndag’i’ juwmaq Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’ni’n’ ko’pshilik dawi’si’ menen qabi’l yetiledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’ ha’m basqada hu’jjetleri g’alaba xabar qurallari’nda ja’riyalanadi’.

**15-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmaqlari’n jiberiw.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’lg’an ni’zam joybarlari’ni’n’, sonday-aq ha’rekettegi ni’zamlar ha’m basqada aktlerdin’, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ qararlari’ni’n’, Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ biyliklerinin’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi qararlari’ni’n’ ha’m biyliklerinin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na muwapi’qli’g’i’ haqqi’ndag’i’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmaqlari’ tiyislisinshe Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi, woni’n’ Prezidiumi’ ha’m Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’na, Ministrler Ken’esine jiberiledi.
Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ bunday juwmaqlari’ ni’zamlardi’n’ ha’reket yetiwin toqtatpaydi’.
Basqa aktlerdin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’na yamasa ni’zamlari’na sa’ykes kelmewshiligi saplasti’ri’lg’ang’a deyin ha’reket yetiwi toqtati’li’p qoyi’ladi’.
Ha’reket yetiwi toqtati’lg’an aktler haqqi’nda bildiriwler tiyisli ta’rtipte ja’riyalanadi’.
Insan huqi’qlari’ ha’m yerkinliklerin shekleytug’i’n huqi’qi’y aktler Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’ qabi’l yetilgen ku’nnen baslap wo’z ku’shin joyi’tqan boli’p yesarlanadi’.

**16-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’n ko’rip shi’g’i’w.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ gezektegi ma’jilisinde dodalawg’a qoyi’ladi’.
Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ uli’wma sani’ni’n’ u’shten yeki bo’legi Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’n qollap dawi’s bergende Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’ qabi’l yetilgen boli’p yesaplanadi’.

**17-statya.** Akttin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na yamasa ni’zamlari’na sa’ykes kelmewshiligin saplasti’ri’w.
Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ juwmag’i’nda ko’rsetilgen ni’zamlardi’n’ ha’m basqada aktlerdin’ Konstituciyag’a yamasa ni’zamlarg’a sa’ykes yemesligi tiyisli uyi’mlar ha’m wolardi’n’ basshi’lari’ ta’repinen bir ay mu’ddet ishinde saplasti’ri’li’wi’ sha’rt.
Ko’rsetilgen mu’ddette bul sa’ykes kelmewshilikler saplasti’ri’lmasa, ma’seleni Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ usi’ni’si’ tiykari’nda tikkeley Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ko’rip shi’g’adi’.

**IV–Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ jumi’si’n sho’lkemlestiriw**

**18-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ du’ziliwi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ du’ziliwi ha’m lawazi’mlari’ aji’rati’lg’an qarji’lari’ ko’leminde Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ basli’g’i’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.

**19-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti qarji’ menen ta’miyinlew.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi’ byudjetinin’ qarji’lari’ yesabi’nan ta’miyinlenedi.

**20-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin ta’miyinlew.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin ta’miyinlew sha’rtleri boyi’nsha, wolar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputatlari’na ten’lestiriledi.

**21-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’ni’n’ ha’r ji’lli’q miynet dem ali’si’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’na woti’z alti’ jumi’s ku’ni mu’ddetinde ha’r ji’lli’q to’lemli miynet dem ali’si’ beriledi.

**22-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’ni’n’ gu’wali’g’i’ ha’m wo’n’irge tag’atug’i’n belgisi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti ag’zalari’na arnawli’ gu’wali’q ha’m wo’n’irge tag’atug’i’n belgi beriledi, wolardi’n’ u’lgileri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.

**23-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komitetinin’ mo’ri.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyali’q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik gerbi sa’wlelengen ha’m wo’zinin’ ati’ jazi’lg’an mo’rge iye boladi’.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*